



Pou Piblikasyon Imedya: 30/08/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## DEKLARASYON GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL SOU MOUN K AP MANDE AZILYO

"Nan kòmansman jounen an, mwen te rankontre, pou plis pase de zèdtan, ak manm presipal yo nan Administrasyon Biden lan Paviyon Lwès Mezon Blanch lan pou yon konvèsasyon fran ak pwodiktif sou fason gouvènman federal la kapab, epi li dwe, bay plis sipò bay pèp New York la pandan n ap travay pou abòde kantite moun ak imigran k ap chèche azil san rete a. Nou te konsantre sou yon kantite aksyon imedya ak tanjib, ki gen ladan plizyè ki ta pèmèt plis moun travay legalman nan Etazini, ansanm ak aksyon alontèm pou mete fen nan kriz sa a.

Kòm Nouyòkè yo konnen, jwenn otorizasyon travay akselere pou moun ak imigran k ap mande azil yo se te deja epi l ap rete pi gwo priyorite mwen. Se sèl fason pou ede moun k ap chèche azil yo vin endepandan, pou yo ka deplase nan yon lojman pèmanan. Mwen kontan espesyalman ke gouvènman federal la te dakò pou l bay pèsonèl, done, ak resous pou idantifye plizyè milye moun nan New York ki deja kalifye, men ki poko aplike, pou otorizasyon travay.

Sa a se yon premye etap enpòtan men pa twonpe tèt ou: li pa ase pou rezoud kriz sa a nèt oswa pou bay nivo sipò Nouyòkè yo bezwen ak merite. Se poutèt sa nan jou k ap vini yo m ap kontinye travay pou jwenn otorizasyon travay akselere pou plis moun toujou, sipò finansye elaji pou New York, ak refòm imigrasyon ke yo t ap tann depi lontan. Mwen rekonesan anvè Mezon Blanch lan paske yo dakò pou kontinye diskisyon pwodiktif sa yo epi pou ranfòse patenarya a nan tout nivo gouvènman an pou reponn ak kriz sa a."

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)